

**KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON  
KONSÈNAN  
PASYAN ABI ALKÒL/DWÒG**

Anile nan Dat: \_\_\_\_\_ Inisyal Anplwaye: \_\_\_\_\_

Non Fanmi Pasyan an:	Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon
Nimewo Dosye		
Sant Medikal	Inite	

**ENSTWIKSYON:** **BAY PASYAN AN YON KOPI FÒM SA A!** Prepare yon (1) kopi pou dosye pasyan an. Si ou voye fòm sa a ba yon lòt ajans avèk yon demann enfòmasyon, prepare yon lòt kopi pou dosye pasyan an.

**KONSANTMAN PASYAN AN POU DIVILGE AK JWENN ENFÒMASYON PÈSONÈL KI IDANTIFYE LI**

**LIMIT KALITE ENFÒMASYON YO DWE DIVILGE OSWA JWENN YO**

Tout enfòmasyon ki nesèsè pou mennen ankèt sou nenpòt ensidan (kèk ensidan) abi oswa neglijan yo sipoze, oswa lòt ensidan enpòtan, kote yo ka site non mwen oswa kote non mwen ka enpòtan.

**OBJEKTIF OSWA KALITE ENFÒMASYON POU DIVILGE/BAY AK NON ÒGANIZASYON K AP DIVILGE AK JWENN ENFÒMASYON KI IDANTIFYE YON MOUN PÈSONÈLMAN.**

- 1) Mwen bay konsantman mwen pou yo divilge enfòmasyon konfidansyèl ba, epi pami, Biwo New York State pou Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) ansanm ak Biwo Odyans Espesyal (Bureau of Special Hearings), ak Sant Jistis Vil New York pou Pwoteksyon Moun ki Bezwen Espesyal (NYS Justice Center for the Protection of People with Special Needs) (JC) ansanm ak Rejis Santral Moun ki Frajil (Vulnerable Persons Central Register, VPCR) li pou yo mennen ankèt oswa pou yo fè detèminasyon konsènan nenpòt ensidan (kèk ensidan) abi oswa neglijan yo sipoze ki fèt, oswa lòt ensidan enpòtan, kote yo ta site non mwen oswa kote non mwen ta enpòtan.
- 2) Si mwen se yon timoun minè (mwen poko gen laj 18 tan), mwen bay yon lòt konsantman mwen pou pwogram sa a, Biwo Eta New York pou Abi Alkòl ak Dwòg (OASAS), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (OCFS) ak Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun Frajil (JC) ki bay avi pou paran mwen oswa responsab legal mwen konsènan nenpòt ensidan (kèk ensidan) abi oswa neglijan yo sipoze ki fèt, oswa lòt ensidan enpòtan, kote yo ta ka site non mwen oswa kote non mwen enpòtan.

Mwen, ki siyen anba la a, mwen li sa ki endike anwo a, epi mwen bay otorizasyon pou anplwaye ajans ki site a divilge ak jwenn enfòmasyon yo jan sa endike nan dokiman an. Mwen rekonèt mwen ka anile konsantman sa a alekri nenpòt lè, sof nan limit yo te fè aksyon ki depannde li. Konsantman sa a dwe ekspire nan sis (6) mwa ki vini apre siyati li, sof si yon diferan peryòd tan, evènman oswa kondisyon ki endike anba la a, kote peryòd tan, evènman oswa kondisyon sa a dwe aplike. Mwen rekonèt tou nenpòt divilgasyon nenpòt enfòmasyon ki idantifye mwen dwe respekte Pati 2 Tit 42 Kòd Règleman Federal (Code of Federal Regulations, C.F.R.) ki detèmine konfidansyalite enfòmasyon prive ki nan dosye pasyan abi alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996, HIPAA) 45 C.F.R. §§160 ak 164; epitou gen entèdiksyon pou re-divilge lòt enfòmasyon sa yo ba yon lòt moun oswa ajans ki pa endike anwo san mwen pa bay otorizasyon alekri.

Peryòd tan, evènman oswa kondisyon ki pwolonje peryòd ki endike anwo a: Reyalizasyon yon ankèt Sant Jistis ap fè nan yon akizasyon abi oswa neglijan, oswa lòt ensidan enpòtan, dapre Chapit 501 Lwa 2012 (Laws of 2012) yo ak detèminasyon yon pwosedi anba Atik 6, tit 6 Lwa sou Sèvis Sosyal (NY Social Services Law Article 6, title 6) New York.

**NÒT:** Nenpòt enfòmasyon yo divilge nan fòm sa a **FÈT POU** akonpaye avèk fòm **Entèdiksyon sou Re-Divilgasyon Enfòmasyon Konsènan Pasyan Abi Alkòl / Dwòg (TRS-1)**

Mwen rekonèt anjeneral pwogram nan ka pa poze kondisyon pou tretman mwen sou si mwen siyen yon fòm konsantman, men nan sèten sikonstans limite yo ka ban mwen refi pou tretman an si mwen pa siyen yon fòm konsantman. Mwen te resewva yon kopi fòm sa a, jan mwen rekonèt sa avèk siyati mwen ki anba la a.

\_\_\_\_\_  
(Siyati Pasyan an)

\_\_\_\_\_  
(Siyati Paran/Responsab Legal)

\_\_\_\_\_  
(Ekri Non Pasyan an Lèt Detache)

\_\_\_\_\_  
(Ekri Non Paran/Responsab Legal an Lèt Detache)

\_\_\_\_\_  
(Dat la)

\_\_\_\_\_  
(Dat la)